



SANTE AK JISTIS REPWODIKTIF


Kisa Komisyon sou Egalite Sèks nan Vil Nouyòk la ye? (NYC Commission on Gender Equity)

Komisyon sou Egalite Sèks (CGE) nan Vil Nouyòk, ki anba Biwo Majistra pou Egalite ak Jistis Rasyal, se yon ajans vil la ki gen misyon pou devlope ak etabli politik ak pratik egal pou sèks ki sipòte tifi, fanm, moun entèsèks, moun transjanr, ak moun ki pa idantifye ak sèks yo te fèt avèk li a nan kay, lekòl, nan travay, ak nan espas piblik. CGE vize akonpli misyon lè li konsantre sou twa domèn — devlope kondisyon pou mobilite ekonomik ak opòtinite, avanse sante ak jistis repwodiktif, epi kreye espas piblik, kay, ak kote travay ki an sekirite.

Ki sa ki Jistis Sante ak Repwodiksyon?

Sante se eta fizik, mantal, ak byennèt sosyal. Atravè aksè a swen medikal, tretman prevantif, sèvis ijans, ak resous, moun, fanmi yo, ak kominote yo ka viv an sante kèlkeswa sitiyasyon sosyo-ekonomik yo.

Jistis repwodiksyon an se sou kontwòl ak pouvwa moun yo genyen pou pran desizyon sou pwòp kò yo. Sa enkli si pou gen timoun, pou jwenn swen ki afime sèks, pou jwenn aksè nan resous ak jwenn sipò, epi pou yo rete nan yon anviwònman ki an sekirite kèlkeswa klas, ras, ak sèks. An 1994, yon gwoup fanm ki pa blan envante lide sa.



Youn nan Fason CGE Abòde Sante ak Jistis Repwodiksyon

GWROUP TRAVAY EGALITE MANSTRIYÈL (RESPONSAB)

Gwoup travay la evalye pwogrès vil la ak efikasite nan bay pwodwi règ gratis nan etablisman koreksyonèl, abri, ak lekòl piblik ak semi-prive. Gwoup travay la tou chèche etidye pòvreté ak inegalite ki gen rapò ak règ, epi devlope ak aplike yon estrateji pou tout vil la pou egalite manstriyèl.

- CGE, an patenarya ak Lekòl Piblik Vil Nouyòk, ap kreye materyèl edikatif ki gen ladann enfòmasyon sou dwa elèv yo genyen pou jwenn pwodwi règ gratis nan lekòl yo dapre Lwa Lokal 11 2024 [Lwa Lokal 11 2024](#).
- Depi 2016, CGE te parèt devan Konsèy Vil Nouyòk la pou bay temwayaj piblik sou sijè sa a epi li kontinye kolabore atravè gouvènman vil la pou elimine inegalite nan domèn règ.



RESOUS VIL LA: SANTE AK JISTIS REPWODIKTIF

ASIRANS SANTE



- Inite Angajman Piblik Majistra a, GetCoveredNYC: nyc.gov/GetCoveredNYC
- Health + Hospitals NYC Care — pou moun ki nan vil Nouyòk ki pa gen papye epi ki pa gen ase asirans: nyccare.nyc
- Asirans Sante: on.nyc.gov/3V5ba9N
- Medicaid/Medicare: on.nyc.gov/437ZvsU

JWENN SWEN



- Swen sante LGBTQIA+ ak swen afimasyon: on.nyc.gov/lgbtq
- Swen seksyèl ak repwodiksyon
 - Sant Aksè Avòtman: nyc.gov/abortion
 - Swen Doula: on.nyc.gov/doula
 - Klinik Sante Seksyèl: on.nyc.gov/sexualhealth
- Resous sante mantal: on.nyc.gov/3JhbUBC
- Lopital NYC Health +: on.nyc.gov/46hLskI
- Sèvis Sante pou Katye: on.nyc.gov/47bkzQ3
- Klinik vaksinasyon: on.nyc.gov/47A8lRQ
- Sèvis itilizasyon alkòl ak dwòg/sèvis pou redwi domaj: on.nyc.gov/3PJQdIJ
- Twous aksyon sante piblik: on.nyc.gov/3TaiBdv

SIPÒ SALÈ



- Avantaj Vil Nouyòk: access.nyc.gov
- Sèvis sante Vil Nouyòk: on.nyc.gov/healthmap
- Depo manje/kizin kominotè: on.nyc.gov/3v0AJhI
- Asistans manje — Avantaj SNAP: nyc.gov/SNAP
- Fair Fares — kat metro rabè: nyc.gov/fairfares
- Fanm, Tibebe, ak Timoun — Access NY: nyc.gov/wic

DWA SWEN SANTE OU



- Lwa lokal 37 nan 2003 Aksè Lang: on.nyc.gov/3wMzT8Y
 - Sèvis nan lang ou: on.nyc.gov/3T9vYdB
- Deklarasyon Dwa Lopital: on.nyc.gov/3IsFkfS
- Deklarasyon Dwa pou Swen Sante Seksyèl ak Repwodiksyon: on.nyc.gov/srj
- Lwa sou egalite règ: on.nyc.gov/3vPy4rc
- Avi sou Dwa Lwa Ameriken sou Enfimite: on.nyc.gov/3xlW2vf



Sa a pa yon lis konplè tout pwogram, sèvis, oswa resous sante ak jistis repwodiksyon Vil Nouyòk.

Eske w ap chèche lòt bagay?

Rele 311 epi mande pou resous sante ou ka bezwen oswa vizite portal.311.nyc.gov.